**दिन–शुक्रवार** **दिनांक–07.03.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

बिहार विधानमंडलक दुनू सदन मे आइ महिला लोकनिक विरूद्ध बढैत हिंसा के मुद्दा के लऽकऽ विपक्षी दल जमि कऽ हंगामा कयलक। विधानसभा मे सभाध्यक्ष नंदकिशोर यादव जखनहि प्रश्नकाल कार्यवाही आरम्भ करबाक घोषणा कयलनि भाकपा–मालेक सदस्य महबूब आलम आ सत्यदेव राम एहि विषय पर सरकार के घेरबाक प्रयास कयलनि। विपक्षी सदस्य हाथ मे पोस्टर लऽकऽ सदनक बीचो–बीच आबि गेलाह आ हंगामा करय लगलाह। विधानसभा अध्यक्ष नन्दकिशोर यादव हंगामा कऽ रहल सदस्य सभ सँ कतेको बेर बैसबाक अपील कयलनि मुदा एकर कोनो असरि नहि भेल। एहि पर मुख्यमंत्री नीतीश कुमार कहलनि जे महिला हिंसा सँ जुड़ल कोनो विषय जखन कखनोहुनक संज्ञान मे अबैत अछि तऽ शीघ्रहि ओ अपन अधिकारी सभ के प्राथमिकताक आधार पर एहेन मामिला सभ पर कार्रवाई करबाक निर्देश दैत छथि। मुख्यमंत्री कँ हस्तक्षेपक बाद विपक्षक विधायक सभ अपन अपन सीट पर बैसि गेलाह। एहि सँ पहिने सदनक कार्यवाही शुरू होयतहि विधानसभा अध्यक्ष नंद किशोर यादव महिला दिवसक बधाई दैत आइ प्रश्नोत्तर काल मे महिला सदस्य सभ के प्राथमिकता बात कयलनि। एम्हर, विधान परिषद मे आइ महिला सभ पर हिंसा आ हुनक लोककिन शिक्षा के लऽकऽ राजद सहित सभ विपक्षी दल प्रदर्शन कयलक। राजदक उर्मिला ठाकुर महिला शिक्षाक स्थिति पर प्रश्न उठौलनि। एहि पर मुख्यमंत्री नीतीश कुमार कहलनि जे जे कोनो राजनीतिक दल अपन शासनकाल मे महिला सभ लेल किछु नहि कयलक ओ आइ सवाल उठा रहल अछि। मुख्यमंत्री कहलनि जे हुनक सरकार महिला लोकनि लेल बेस किछु कयलक अछि।

---

राज्य सरकार कहलक अछि जे सुप्रीम कोर्ट मे मामिला लंबित रहबाक कारणे बिहार मे प्रोन्नतिक स्थान पर किछु मामिला मे कार्यकारी प्रभार देल जा रहल अछि। मंत्री विजय कुमार

चौधरी विधानसभा मे एक प्रश्नक उत्तर मे कहलनि जे कार्यकारी प्रभार देबाक मामिला मे अनुसूचित जाति आ जनजाति वर्गक कर्मी सभक संग कोनो प्रकारक भेद–भावन नहि कयल जा रहल अछि।

———————————————————————

होमी भाभा कैंसर अस्पताल आ अनुसंधान केन्द्रक दिस सँ राज्य मे एखन धरि तैईस लाख लोक सभ मे कैंसरक स्क्रीनिंग कयल गेल। एहि मे चारि हजार एक्कैस लोक सभ मे कैंसरक पुष्टि कयल गेल। विधानसभा मे स्वास्थ्य मंत्री मंगल पांडेय जनौलनि जे राज्य सरकार कैंसरक रोकथाम लेल जागरूकता अभियान चला रहल अछि। संगहि कैंसर मरीजक लेल छओ जिला मे डे केयर कीमो थेरेपी सेंटरक संचालन कयल जा रहल अछि।

———————————————————————

केन्द्रीय स्वास्थ्य मंत्री जगत प्रकाश नड्डा कहलनि जे प्रधानमंत्री भारतीय जन औषधि परियोजना "अच्छी भी सस्ती भी" मंत्रक संग सभक लेल स्वास्थ्य सेवा मे क्रांतिकारी बदलाव आनि रहल अछि। जन औषधि दिवस पर श्री नड्डा कहलनि जे देश मे पन्द्रह हजार सँ बेसी जन औषधि केन्द्र प्रतिदिन दस लाख लोक सभक सेवा कऽ रहल अछि। एहि केन्द्र सभ पर दवाई बजार दर सँ नब्बे प्रतिशत कम मूल्य पर उपलब्ध अछि।

———————————————————————

राज्य सँ डेयरी आ आन कृषि उत्पादक निर्यात के बढ़ावा देबाक लेल आइ अड़तालीस लाख टाका सँ बेसी मूल्यक घी, गुलाब जामुन आ मखानक तीन खेप अमेरिका आ कनाडाक लेल विदा कयल गेल। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार पटना मे बिहार सहकारी दुग्ध उत्पादक संघ लिमिटेड, कॉम्फेड के सुधा ब्रांडक एहि खेप सभ के हरियर झंडी देखाकऽ रवाना कयल गेल। आकाशवाणी समाचार सँ गपशप मे पशु आ मत्स्य संसाधन विभागक अपर मुख्य सचिव डॉक्टर एन. विजयालक्ष्मी कहलनि जे निर्यात संवर्द्धन कंपनी सभक संग मिलिकऽ कॉम्फेड ई उपलब्धि हासिल कयलक अछि। ओ जनौलनि जे प्रारम्भ मे संतावन क्विंटल घी आ पाँच क्विंटल मखाना

अमेरिका, जखनकि पचास क्विंटल गुलाब जामुन कनाडा पठाओल गेल अछि। डॉक्टर विजयालक्ष्मी कहलनि जे एहि पहल सँ कृषि आ संबद्ध क्षेत्र सँ जुड़ल लोकसभक आमदनी बढ़त।

—————————————————————————

मोतिहारीक गांधी मैदान मे आइ सँ तीनू सेनाक दिस सँ शौर्य वेदनम उत्सव प्रारम्भ भेल। दू दिवसीय समारोहक उद्घाटन राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां कयलनि। "अपनी सेना को जानो" अभियानक अंतर्गत आयोजित एहि कार्यक्रमक उद्देश्य युवा लोकनि के थल सेना, जल सेना आ वायु सेनाक क्रियाकलापक जनतब देब आ हुनका मे देशभक्तिक भावना जगायब अछि। शौर्य वेदनम उत्सव मे सेनाक विभिन्न हथियार आ उपकरणक प्रदर्शन कयल गेल अछि। एकर अतिरिक्त लोक सभ सुखोई लड़ाकु विमान, टी—नाइनटी टैंक, बोफोर्स तोप आ ड्रोन शो एहेन रोमांचक प्रदर्शनक आनंद लऽ सकताह।

—————————————————————————

समाप्त भेल